QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

Nókis q. A.Dosnazarov k. 62 úy, 0 (361) 222-24-37, 222-24-63, faks: 226-52-47
**web-site:** http://kkedu.uz, **e-mail:** qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

«01» Апрель 2021 j. 03-02/4-1595 - sanlı

**Нөкис районлық ХББ баслығы**
**Т. Оразбаевқа**

Халық билимлендириў министрлиги Сизге Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик министрлигиниң 2021-жыл 29-март күнги 13/2-3/357-санлы хаты арқалы министрдиң атына келген Нөкис районлық ХББ қараслы 22-санлы улыўма билим бериў мектебиниң қарақалпақ тили ҳәм әдебияты пәни муғаллими К.Ж. Умарованың шағым арзасын жибермекте.

Бөлимиңиз тәрепинен исши топар дүзилип, исши топар арқалы шағым арзаны ҳәр тәреплеме үйренип шығып, шағым арзада келтирилген фактти Нызамлы түрде шешиўиңизди ҳәмде нәтийжеси бойынша арза ийесине, ҚР Әдиллик министрлигине ҳәмде министрликке 2021-жылдың 7-апрель сәнесине шекем жазба мағлыумат бериўиңизди сорайды.

Еслетпе: ҚР Әдиллик министриниң хаты, К.Ж. Умарованың шағым арзасы (2 бет) қосымша етиледи.

**Министр орынбасары:** **Ш. Таджимуратов**

*Орынлаўшы:* *А. Еримбетов*
*(93) 361 78 87*

...ектрон рақамли имзо орқали тасдиқланган, ҳужжат коди: VH11136732

O'ZBEKSTAN RESPUBLIKASI A'DILLIK MINISTRLIGI
QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI A'DILLIK MINISTRLIGI
230102, No'kis qalasi, O'zbekstan gu'zarı, 59-jay, tel.: (998 61) 223 94 77,
www.qoraqalpoq.adliya.uz, el.pochta: adillik.kr@exat.uz, qoraqalpoq@adliya.uz

2021-жыл 29-март 13/2-3/357-сан,

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Халық билимлендириў**
**министри Р.Реймовқа**

Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик министрлиги тәрепинен Нөкис районы, Тақыр көл АПЖ, Шоркөл елаты аймағында жасаўшы пуқара К.Ж.Умарованың, районлық Халық билимлендириў бөлимине қараслы 22-санлы улыўма билим бериў мектеби мектеп директорының мийнет қатнасықлары бойынша ҳәрекетлеринен наразылығын билдирген мүрәжаты тийисли тәртипте көрилип шығылмақта.

Хызмет зәрүрлигине байланыслы, мүрәжатта көрсетилген мәселелерди ўәкиллигиңиз шеңберинде үйренип шығып, анықланған нызам бузылыўшылық жағдайлары сапластырыўыңызды, Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2018-жыл 13-апрель күнги ПҚ-3666-санлы Қарары менен тастыйықланған "Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги ҳаққында"ғы Реже талапларына муўапық, нәтийжеси туўралы мағлыўматларды **усы жылдың 9-апрель күнине шекем** усыныўын тәмийинлеўиңизди сораймыз.

Қосымша: ____ бет. (Пуқара К.Ж.Умарованың мүрәжаты.)

**Министр орынбасары** **Э.Турсунов**

Орынлаўшы: А.П.Абатов
Тел: (0-361) 223-71-93

QR XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI
KIRIS № 163
«01» 04 2021 ж.

**Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик**
**Министри С.Мамбетқадировқа**

Мен Нөкис районы аймағында жайласқан
«Тақыркөл» АПЖ, «Шоркөл» посёлкасы
тургыны Нөкис районы №22 мектеп
оқытыўшысы лаўазымында ислеўши
Умарова Клара Жамалатдиновнадан
Тел; 97-359-07-47

**А Р З А**

Ҳүрметли Сайлаўбай Аманбаевич!!!

Усы арзам арқалы Сизге төмендеғилерди мәлим етип билдиремен Себе мен Умарова Клара Жамалатдиновна Нөкис районында жайласқан № мектепте «Қарақалпақ тили ҳәм әдебияты» пәнинен оқытыўшы бол ислеймен. Мен 2019-жыл 1-март сәнесинен баслап ҳәмледарлық (декрет) д алысына шықтым. 2021-жыл 14-январь сәнесинен баслап семья жағдайлары байланыслы жумысқа шығыўға мәжбүр болдым. Мен жумыс орныма бар маған оқыў ислери бойынша директор орынбасары Қудайназарова Разия тар жаўылып кетти сен сентябрь айында кел деп мени қайтарып жиберди. М оннан кейин директор Ажимуратова Лалағүлге барып хабарласқанымда маған мектептиң ишки жағдайынан келип шығып ҳәзирги ўақытта сабақ жо март айында еплестирип беремен деп ўәде берди, мен оғанда көндим. С ўақытлар басқа бир муғаллим аўырып үш айға мийнетке жарамсызлық бе аштырып кеткенлиғи себепли сол муғаллимниң беретуғын бес саатын ма берди. Ҳәзирги ўақытта сол бес сааты оқытып жумысқа барып жүрмен би 14-январьдан баслап мениң айлығым аз муғдарда төленип киятыр, лекин ме өзимнин тийкарғы орныма өткермеди. Мектеп директорының март айын тийкарғы орнына аламан деген ўәдеси де орынланбады. Мени тийкарғы орн өткермегенлиғи себепли жазғы мийнет дем алысына пул жазылмайды.

№22 мектеп директорының мениң өз тийкарғы орныма өткер де талапларымды бийпарўалық етип писент етпегенлиғи менде наразы туўдырды. Мени усы күнге шекем тариф жабылып кетти деп ал келгенлиғин, мен ҳәмледарлық (декрет) дем алысынан келген ўақты қосымша тариф киритип жумысқа тийкарғы орныма алыў керек екенли кейин билип қалдым.

Мектеп директоры орынбасары алдына кирип мениң саатларымды ат өткерип бериң десем, ол маған тарифте жоқсаң, ҳеш нәрсеге түсинбейс басымды аўыртпа, баратуғын жерпңе бар деген сөзлерди айтты.

Ҳүрметли Сайлаўбай Аманбаевич! Сизден жоқарыда көрсетил жағдайларға тийкарланып, мениң арзамды өз жолыңыз бенен көрип шығ мен ҳәмледарлық (декрет) дем алысына қанша саат пенен шыққан бол ҳәзирги ўақытта сол сабақларымды қайтарып алыўға ҳәм озимниң тийкар орныма қайта тиклепиўиме әмелий жәрдем бериўиңизди соранаман.

**Ҳүрмет пенен**
**Арза ийеси;** **К.Ж.Умарова**